


# KOWONAVIRUS (COVID-19)

Se yon maladi respiratwa trè ratrapan ki ka menase lavi pou moun ki gen sistèm iminitè yo fèb, moun ki souvan malad, ak moun ki gen plis pase 60 lane ki fin vye granmoun.

## ● SENTOM ●



## KIJAN VIRUS LAN PASE DE YON MOUN A YON MOUN:

Lè moun nan estène ak touse;  
ti gout ki soti nan nen an  
oswa bouch lòt moun

Touche fizik, tankou  
bay lanmen

Manyen sifas ki gen virus la,  
epi aprè wal manyen je ou,  
nen ou oswa bouch ou

## POU EVITE MALAD



Lave men ou tanzantan avèk dlo ak savon  
Bare bouch ou epi nen w avèk koud ou bese  
oswa itilize papye ijyenik lè w ap touse ak estène  
Rete a yon distans de 2 mètr (6 pye) de lòt moun  
Evite salitasyon fizik ak kontak

Pa manyen zye ou, nen ou ak bouch ou

Pa patisipe nan reyinyon piblik oswa evènman yo

Kouvri nen ou epi bouch ou avek yon moso twal, echap oswa yon kasnen  
si ou dwe soti oubyen si ou menm oswa yon moun ki tou pre w malad

**RETE LAKAY OU!**



## Si ou panse ou te ekspoze oswa ou gen sentòm yo:

- Rete lakay ou epi evite kontak sere avèk lòt moun menm si ou gen sentom grav oubyen ki pa grav
- Trete sentom ou yo epi kontwole kondisyon ou
- Lè sentom yo grav chèche swen medikal touswit

MedicinesforHumanity



Reaching The World's  
Most Vulnerable Children

[www.medicinesforhumanity.org](http://www.medicinesforhumanity.org)